**दिन– बुधवार** **दिनांक–08.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

एक राष्ट्र एक चुनाव सँ जुड़ल दू विधेयक पर संयुक्त संसदीय समिति– जेपीसीक पहिल बैसार आइ नव दिल्ली मे संपन्न भेल। विधेयक के अधिकारिक रूप सँ एक सय उनतीसम संविधान संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस आ केन्द्रशासित प्रदेश कानून संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस नाम देल गेल अछि। संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे समितिक अध्यक्ष आ भाजपा सांसद पी. पी चौधरी कहलनि जे आइ पहिल दिन संबंधित मंत्रालय दुनू विधेयकक संबंध मे जनतब देलनि। ओ कहलनि जे एहि संबंध मे समिति सभ हितधारकक विचार जानत आ सभक विचार सँ अवगत भेलाक बाद निर्णय करत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे छपरा मे राजकीय चिकित्सा महाविद्यालय आ अस्पतालक उद्‌घाटन कयलनि। चारि सय पचीस करोड़ टाकाक लागति सँ निर्मित एहि मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे पांच सय बेडक क्षमता अछि। एकर अतिरिक्त मुख्यमंत्री कतेको आन योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

---

आओर आब बात करैत छी प्रयागराज मे आयोजित महाकुंभक संबंध मे–

एहि वर्ष तेरह जनवरी सँ प्रयागराज मे महाकुंभ केर आयोजन होबऽ जा रहल अछि। एकर समापन महाशिवरात्री पर छब्बीस फरवरी के होयत। एहि बेर महाकुंभ मे कुल छओ शाही स्नान हेबाक अछि। महाकुंभ मे की करी आ की नहि करी, प्रस्तुत अछि एक रिपोर्ट–

–––बाईट–––

---

तेज पछुबा हवाक कारणे प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र भीषण ठंढ़ाक चपेट मे अछि। सवेर मे घनगर कुहेसक कारणे जनजीवन प्रभावित भेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि बेस राति दरभंगा, सुपौल, किशनगंज आ पश्चिम चंपारण मे कतेको ठाम आंशिक बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीवान, सारण आ गोपालगंज जिला मे कतहु–कतहु आंशिक बरखा भऽ सकैत अछि। अगिला तीन दिन धरि न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ठंढा सँ बचाव लेल दरभंगा जिला मे तीन सय उंठानवे स्थान पर घूर केर व्यवस्था कैल गेल अछि।

———————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति मैट्रिकक वार्षिक परीक्षाक प्रवेश पत्र जारी कऽ देलक अछि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक समितिक वेबसाइट सँ प्रवेश पत्र डाउनलोड कऽ छात्र लोकनि के उपलब्ध करौताह। ई प्रवेश पत्र प्रायोगिक आ सैद्धांतिक दुनू परीक्षा लेल मान्य होयत।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक नावकोठी थाना क्षेत्र अंतर्गत पहसार स्थित एक ईटाक चिमनी भट्ठा पर भेल फायरिंगक घटना मे झारखंडक एक श्रमिक के गोली लगला सँ मृत्यु भऽ गेलनि।

समस्तीपुरक मोहन रोड़ स्थित एक आभूषण दोकान सँ पछिला दिन दस करोड़क सोना लूट कांडक मामिला मे पुलिस बारह अपराधी पर पचास हजार सँ लऽकऽ दू लाख टाका धरिक इनाम घोषित कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त